



Ibigezweho vya COVID-19 mu gisagara ca Burlington

Ivyo kumenya kuri COVID-19 i Burlington
hamwe n'ikigo citaho abayirwaye (RRC)

Ndamukiza 2021

Kirundi

Ingingo nkuru nkuru:

- Ibisabwa mu kuronswa urukingo rushasha kubatuye i Vermont: Abirabure, Imvukira hamwe n'Abazungu.
- Umugambi wo gutabara COVID-19 & Ico usigura
- Ukwongerekana kw'abandura COVID-19
- Amatangazo y'Igihugu
- Aho umuntu yosanga amakuru ya COVID-19
- Ukwo wokwiyandikisha uronswe urukingo

UWARIWE WESE arashobora kuraba ibisabwa mu kuronswa urukingo kubasanzwe baba I Vermont b'Abirabure, Abazungu canke Imvukira



Ku itariki 30 Gitugutu, Reta yaratangaje ko hashobora guhinduka ibijanye n'ibisabwa mu kuronswa urukingo. Nimba wewe canke abo mubana munzu bari mu: Abirabure, Abazungu canke Imvukira (BIPOC), ababa munzu bose bafise kuva ku myaka 16 kuduga, barashobora kwiwandikisha ku muhora bakaronswa urukingo. Abantu barashobora kwiwandikisha ku muhora, mu guhamagara Ubushikiranganji bw'amagara y'abantu, bakiyandikisha nko kuri farumasi ibirimwo canke mu gusaba umubonano ku bitaro vy'abantu biri mu rutonde BIPOC.

Ibihurikiye mu kwiwandikisha hamwe n'imfashanyo ku rurimi utumva:

1. Iyandikishe ku rubuga rw'Ubushikiranganji bw'amagara y'abantu bw'i Vermont kuri <https://www.healthvermont.gov/covid-19/vaccine/getting-covid-19-vaccine> (Kwiwandikisha ku murongo mu congereza) canke mu guhamagara umurongo w'ivy'inkingo kuri 855-722-7878 (Ukeneye ubufasha mu rundi rurimi fyonda kuri 1). Amasaha yo guhamagarirako ni Kuwa mbere-Kuwa gatanu, 8:15 z'igitondo – 5:30 z'umugoroba hamwe no kuwa gatandatu no kuwa Imana, 10:00 z'igitondo – 3:00 z'umugoroba. Usabwe kuvuga ururimi mwipfuzza kugira uronswe ubufasha bw'Umusobanuzi igihe uzoba witavye gahunda, uheze unaronswe ivyo wuzuzza bisobanuye muri urwo rurimi.
2. Ufise ibibazo vyerekeye n'ibisabwa canke ushaka kwiwandikisha mu rundi rurimi, ushobora guhamagara uwusanzwe agufasha mw'ishirahamwe ry'abanyafurika canke Igisata c'impunzi. Mu gihe udafise uwusanzwe agufasha, hamagara igisata c'impunzi kuri 802-655-1963 canke mw'ishirahamwe ry'abanyafurika kuri 802-355-0795 hama uzoheza uronswe umuntu agufasha asanzwe avuga ururimi rwawe. Barafise ibitaro n'abasobanuzi bagumaho hamwe n'ubundi bufasha butandukanye bwerekeye indimi.
3. Ibindi bitaro bimwe vyo mu rutonde rwa BIPOC i Burlington birahari, biciye mu gukorana n'amashirahamwe nka "Vermont Racial Justice Alliance", Umurwi wa "Vermont Professionals of Color Network", Vermont LEND Program hamwe n'igisagara ca Burlington. Ushobora guhamagara 802-755-7239 kugira ushirwe ku rutonde, uraronswa ubufasha bw'umusiguzi wo kuri terefone mu gihe washizemwo ururimi wipfuzza. Igihe usize ubutumwa kuri terefone, usabwe kuvuga amazina yawe n'ururimi wipfuzza kugira uronke inyishu. Aho wuzuzza mu kwiwandikisha ku murongo hariho mu congereza. Raba kuri <https://bitly.com/BIPOC-Clinics>. Usabwe kuvuga ururimi mwipfuzza kugira uronswe ubufasha bw'Umusobanuzi igihe uzoba witavye gahunda, uheze unaronswe ivyo wuzuzza bisobanuye muri urwo rurimi.

Umugambi w'amahera yo gutabara COVID-19



Umugambi mushasha w'amahera yo gutabara bita "the American Rescue Plan" waremeye n'urwego rwa Reta Zunze Ubumwe bwa Amerika rubijewe mu ntango za Ntwarante, uzotanga \$1.9 trillion (Tiriyari) y'ubufasha kubatuye mu gihugu umwaka uza wose. Ubwo buryo buzoduzura imfashanyo zerekeye ifunguro ryiza hamwe na gahunda y'ukubaho neza (nka gahunda y'ugutanga inrya niy'ukwitaho abana), gushiramwo kuriha abashomeri, gutanga akarusho k'amakori, gushiraho ubufasha ku badandaza batobato, n'uguha imiryango ifise abana n'iyitarabaronka imfashanyo yobafasha kuduza ukubaho kwabo. Ako gafashanyo karongera kagafasha mu kugabanya amahera ya asiransi y'ukwivuzwa - n'imiryango ifise amikoro abayabaye, hamwe n'ugupanga amazu muri kazoza na gahunda y'amahera yo gukoresha. Mu gihe uburusho bumwe bumwe ari ikibiriraho, ubundi burashobora gutwara akanya kugira butanguzwe, kiretse ko hakunda kubandanya kwibonekeza amahirwe yo gufashwa.

Ukurwirirana kw'abanduye

Kuwa gatatu, 31 Ntwarante, 2021

Abanduye bashasha mu bitigiri



Igisagara gikomeza gukurikiranira hafi ukwo **COVID-19 ibandanya mu kibano. Ibiharuro vyegeranijwe vuba vyerekana ko abanduye biyongeye mu karere kacu, nko mu mpera za Ntwarante.** Ifoto iri hejuru irekana ukwo abanduye COVID-19 biyongeye mu gace ka Chittenden. Dutanguye kubona abanduye banyongera mu rwaruka, imyaka **mfatirwako kenshi ku muntu atorwa ikiza ca COVID ni muni y'imyaka 30.** Abanduye COVID-19 bo mu runganwe rwa kera babandanya bagabanuka bivuye ko benshi bariko baritabira akaryo ko guterwa urucanco. Ano makuru s'ayo gutera ubwoba, ariko ni inkebuza mu kibano babandanye birinda kurushirizaho.

Iyo wokora: Twihweje urugero rwa vuba rw'abandura COVID-19 mu gisagara, usabwe kubandanya wambara agafukamunwa, gukurikiza amabwirizwa ya Reta igihe ukikujwe n'abantu mutabana mu nzu, hamwe n'ukwipimisha kwa gusa (bikaba ari ibipimo bisanzwe, vyo hafi cane kuzuru, atari ivyigeze gutangwa bakinjiza indani cane mu mwenge w'izuru) birahari kw'ibarabara 405 Pine Street mu gisagara ca Burlington iminsi yose kuva isaha 10:00 z'igitondo - 6:00 z'umugoroba. Kuronswa urukingiro bishobora kandi kugabanya amahirwe y'ukwandukiza umugera abandi mu kibano.

Amatangazo y'Igihugu

Mu kwezi guheze, Reta yatanze ibimenyeshwa bitandukanye ngirakamaro:

Mw'ikoraniro ry'abantu

Ku bantu badakingiwe canke bo mu nzu, gukorana n'abandi bantu iwanyu canke mu wundi muryango ntimurenza imiryango IBIRI idakingiwe canke abantu, GUTERANYA n'abandi bo muyandi mazu baribo bose bakingiwe neza. Umuntu akingiwe neza ni umuntu wese mu nzu yafashe imice y'inkingo zose isabwa mu kwikingira COVID-19.

Imice y'imyaka yemerewe

Reta yaramenyeshye imice y'imyaka igiye kwemererwa, N'abantu b'i Vermont bose kuva ku myaka 16 n'iyirenga bazoba bemerewe kuva mu mpera za Ndamukiza.

Imyaka 40+ - Ukwiye kwandikisha kwatanguye

Imyaka 30+ - bitangura itariki 12 Ndamukiza

Imyaka 16+ - bitangura itariki 19 Ndamukiza



Kuraba amabwirizwa ya Reta mucongereza, raba kuri:

<https://accd.vermont.gov/news/update-new-work-safe-additions-be-smart-stay-safe-order>

Aho umuntu yosanga amakuru ya COVID-19

Ubushikiranangij bw'amagara y'abantu bw'I Vermont burafise ubu impapuro zo mu zindi ndimi zirimwo amakuru y'amagara kuvya COVID-19:

Icarabu: <https://www.healthvermont.gov/covid-19/resources/multilingual-resources#Arabic>

Igifaransa: <https://www.healthvermont.gov/covid-19/resources/multilingual-resources#French>

Kirundi: <https://www.healthvermont.gov/covid-19/resources/multilingual-resources#Kirundi>

Iki Nepali: <https://www.healthvermont.gov/covid-19/resources/multilingual-resources#Nepali>

Igi Somali: <https://www.healthvermont.gov/covid-19/resources/multilingual-resources#Somali>

Igi Swahili: <https://www.healthvermont.gov/covid-19/resources/multilingual-resources#Swahili>

Iki Vietnam: <https://www.healthvermont.gov/covid-19/resources/multilingual-resources#Vietnamese>

Umurwi w'I Vermont ujejwe ivy'indimi zitandukanye ubandanya gutanga utureresi turimwo amakuru yandi mashasha ziyongereyeho. Urutonde rubona mu ndimi zitandukanye rurahari:

Raba ku rubuga ngurukanabumenyi rwabo: <https://www.youtube.com/channel/UC3zjPpeFnXqvESr1y3d4DvQ/playlists>

Ibibazo? Ukeneye ubufasha?

Ikigo c'i Burlington **c'ivyo kumenya vya COVID-19 kinabitwararika (RRC)** kiri ngaha ngo kibafashe, duhamagare kuri 802-755-7239 canke recovery@burlingtonvt.gov usige ubutumwa burimwo amazina yawe, ururimi wipfuzwa, hamwe n'ukwo twogutora duheze tugufashe vuba bishoboka. Abajejwe kwitaba barafise seruvisi z'umusobanuzi kuri terefone. Amasaha yo gukora ni Kuwa mbere gushika kuwa gatanu, 8:00 z'igitondo-4:30 z'umugoroba.

Kuronka amakuru asobanuye:

Ubushikiranganji bw'amagara y'abantu i Vermont

<https://www.healthvermont.gov/media/translation/covid-19-translations>

Igisagara ca Burlington

<https://www.burlingtonvt.gov/covid-19/translated>

Umurwi w'I Vermont ujejwe ivy'indimi zitandukanye:

<https://www.youtube.com/channel/UC3zjPpeFnXqvESr1y3d4DvQ>

Amakuru ari hano arashobora guhinduka bivanye n'amategeko mashasha ashobora kwibonekeza ku rwego rw'igihugu canke rw'intara yacu